



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO ENVESTISMAN POU KONBAT KRIM AK KENBE NOUYÒKÈ YO AN SEKIRITE NAN BIDJÈ ADOPTE ANE FISKAL 2025 LAN

Ogmante penalite pou atak kont travayè ki vann an detay yo epi bay 40.2 milyon dola pou kontwòl vòl nan kòmès an detay yo

Elaji enfraksyon ki kalifye pou pouswit kòm krim rayisans yo

Bay 389 milyon dola investisman sible nan kominote yo pou diminye vyolans ak zam

Investi 40 milyon dola pou sipòte sivivan vyolans domestik yo ak ranfòse pouswit yo

7.1 milyon dola pou redwi residivis ak amelyore sipèvizyon moun ki an libète kondisyonèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo investisman pou konbat krim epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite ki te enkli nan Bidjè adopte ane fiskal 2025 la. Sa gen ladann finansman pou reprime vòl òganize kont komès an detay, konbat krim rayisman k ap monte, fè investisman sible nan kominote yo pou anpeche vyolans ak zam ak vyolans domestik, epi redwi residivis ak amelyore reyentegrasyon moun ki te ansyen prizonye atravè Eta New York.

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen epi mwen p ap repoze jiskaske tout moun an sekirite epi santi yo an sekirite nan Eta New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te tande apèl travayè komès an detay ak pwopriyetè biznis yo, paran yo ak lidè relijye yo, epi bidjè sa a voye yon mesaj klè: nou tande nou, epi n ap fè tout sa nou kapab pou kenbe nou an sekirite."

Reprime Vòl Òganize kont Komès an Detay yo

Bidjè Eta ane fiskal 2025 la gen ladan plan senk pwen Gouvènè Hochul pou konbat vòl òganize kont komès an detay:

- **Ranfòse penalite kriminèl** pou nenpòt moun ki atake yon travayè ki vann an detay pou soti nan yon deli pou vin yon krim. Nenpòt moun ki lakòz blesi fizik sou yon travayè an detay k ap fè travay li pral tonbe nan kategori nouvo krim sa a.
- **Pèmèt pwokirè yo konbine valè machandiz yo vòlè** lè yo depoze akizasyon vòl. Bidjè a pèmèt yo rasanble machandiz an detay ki soti nan diferan magazen nan objektif pou yo rive nan yon nivo vòl ki pi wo lè yo vòlè yo nan kad menm konplo kriminèl la.
- **Fè li ilegal pou ankouraje vant machandiz yo vòlè** pou ale dèyè vandè twazyèm pati yo. Yo pral jwenn yon moun koupab si yo itilize nenpòt sit entènèt oswa lokal fizik pou ofri machandiz yo vòlè pou vann.
- **40.2 milyon dola** pou Ekip Vòl kont Komès an Detay ki devwe nan Lapolis Eta a, Biwo Pwokirè Distri yo ak lapolis lokal yo, ki gen ladan 100 pèsonèl Lapolis Eta New York ki devwe pou konbat vòl an detay òganize.
- Kredi taks **5 milyon dola** pou ede ti biznis yo envesti nan lòt mezi sekirite tankou kamera. Pou ede soulaje fado ti biznis yo pou mezi sekirite adisyonèl yo, bidjè a kreye yon kredi taks 3,000 dola ki disponib pou nenpòt biznis ki gen 50 anplwaye oswa mwens ki depanse kantite lajan limit la nan mezi prevansyon vòl kont komès an detay.

Konbat Krim Rayisans

Bidjè ane fiskal 2025 la baze sou angajman solid Gouvènè Hochul pou mete fen nan vag rayisman k ap monte nan Eta New York. Apre Gouvènè Hochul te temwen yon ogmantasyon chokan nan krim rayisman yo epi konekte ak kominote ki afekte yo, Gouvènè Hochul te pran angajman pou elaji lis enfraksyon ki elijib yo. Bidjè a ajoute 28 enfraksyon ki elijib pou krim rayisans e li gen ladan 35 milyon dola pou Sibvansyon Pwoteje Kominote yo Kont Rayisans pou pwoteje espas adorasyon, lekòl relijye yo ak lòt sit ki riske.

Investisman ki sible nan kominote yo pou anpeche vyolans ak zam ak vyolans domestik

Atake pwoblèm vyolans ak zam mande yon investisman ekstraòdinè nan solisyon ki baze sou kominote a, epi bidjè ane fiskal 2025 la kontinye investisman istorik 347 milyon dola pou diminye ak anpeche vyolans ak zam. Depi nivo finansman san parèy ane pase a, ensidan fiziyad yo te bese 38 pousan nan Vil New York ak 35 pousan nan jiridiksyon Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE). Investisman sa a pral kontinye pèmèt kominote yo, lapolis ak gwoup san bi likratif yo anpeche vyolans ak zam nan Eta New York.

Gouvènè Hochul pran angajman pou bay lapolis ak Pwokirè Distri yo zouti yo bezwen pou anpeche ak pouswiv krim vyolans domestik. Bidjè ane fiskal 2025 la gen ladan yon total 40.8 milyon dola pou diminye vyolans domestik ak sipòte viktim vyolans domestik. Sa gen ladann 35.8 milyon dola nan finansman pou DA yo kreye ak elaji inite vyolans domestik dedye epi aplike entèvansyon ki baze sou prèv, ki santre sou sivivan ak adapte pou twomatis. Sa a se yon pi bon pratik ki sipòte koleksyon prèv ak devlopman relasyon ak yon viktim anvan yo fè yon arestasyon. Bidjè ane fiskal 2025 la gen ladan

tou 5 milyon dola nan envestisman kontinyèl pou viktim vyolans domestik pou kouvri depans nan sitiyaasyon ijans.

Diminye residivis ak amelyore sipèvizyon moun ki an libète kondisyonèl yo

Apati refòm tankou Lwa sou Tab Raz la Gouvènè Hochul te siyen an novanm 2023, bidjè ane fiskal 2025 la bay 7.1 milyon dola pou diminye residivis yo epi amelyore reyentegrasyon nan mendèv la. Yo pral sèvi ak finansman an pou plis sipèvize moun ki an libète pwovizwa yo, elaji opòtinite pou lojman tranzisyonèl yo, ogmante pwogram inivèsite nan tout etablisman koreksyonèl eta a, epi bay transpò pou vizitè ale ak soti nan etablisman koreksyonèl eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)